



RÈGLEMAN ENTÈN MANB FONDATÈ

Atik 1- Definisyon Manb Fondatè.

1.1- Manb Fondatè Ekonomi Solidarite HOTSPOT ONE (ESHO), se **Gason** ak **Fanm** ki rejwenn premye inisyatè lide a. Se moun ki pataje, makònèn epi aksepte filozofi pwomotè lide a ap fè pwomosyon pou li a.

1.2- Tout moun sa yo ki vini **Manb Fondatè Ekonomi Solidarite HOTSPOT ONE (ESHO)**, yo vini genyen menm dwa ak pwomotè lide a nan tout desizyon depi se pou bon mach **Estrikti** a. Nan sans sa a, **Manb Fondatè** yo se fanmi, ak zanmi, ki rejwenn pwomotè lide a pou fòme premye pi gwo **Estrikti Ekonomi Solidarite** an.

Atik 2- Kritè Pou Vini Manb Fondatè.

Men kritè pou ranpli avan pou vini manb fondatè **Ekonomi Solidarite HOTSPOT ONE (ESHO)** ki se:

- Manb fondatè a dwe genyen minimòm **Vennsek (25) Lanne**.
- Manb fondatè a dwe genyen yon **Manb Referans** ki deja fè pati **Estrikti** a pou sa posib.
- Manb fondatè a dwe aksepte bay yon **Montan \$2000.00 us** kòm yon **Fon Disponib**.
- Manb fondatè a dwe aksepte kotize **Egal Ego** chak fwa genyen yon depans ki dwe fèt.
- Manb fondatè a dwe aksepte pou li **Manb Referans** plizyè lòt manb nan **Estrikti** a.
- Manb fondatè a dwe aksepte pou **Toute Benefis** yo separé **Egal Ego** nan **Estrikti** a.
- Manb fondatè a dwe aksepte pou li bay **10%** nan **Benefis** pa li a pou avansman **Estrikti** a.
- Manb fondatè a dwe aksepte pou li jwenn **Benefis** li chak fwa **ESHO** a fini nèt.
- Manb fondatè a dwe aksepte pou li kouvri **Tout Dèt Manb** yo genyen nan **Estrikti** a.
- Manb fondatè a dwe chwazi youn nan **Plan** sa yo ki se **Basic, Premium, Business**.
- Manb fondatè a dwe ranpli **Fòm Enskripsyon** an ak siyen **Deklarasyon Dangajman** an.
- Manb fondatè a dwe siyen **Règleman Entèn** nan epi respekte **Angajman** li nan **Estrikti** a.

Atik 3- Reprezantasyon Kategori Manb Fondatè (Board).

Kategori Manb Fondatè (Board) Ekonomi Solidarite HOTSPOT ONE (ESHO), genyen yon **Estrikti** ki ap dirije **Ekonomi Solidarite** an avèk li ki pote non: **Komite Jesyon Ekonomi Solidarite (KOJESO)**. Se **Komite** sa a ki la pou dirije ak administre tout kesyon ki konsène **Estrikti** a ki genyen pou reyini, diskite ak debat tout dosye ki pote sou objektif **Estrikti** a ap pousuiv lòske yo genyen konvokasyon ki soti nan **Komite Jesyon Ekonomi Solidarite (KOJESO)**.

Atik 4- Konpozisyon Manb Komite.

Ekonomi Solidarite HOTSPOT ONE (ESHO) ap jere pa mwayen yon **Komite** ki genyen non **Komite Jesyon Ekonomi Solidarite (KOJESO)**. Epi ki ap administre ak yon **Komite** ki genyen **Senk (5) Manb** ladan li ki se:

- Prezidan.
- Sekretè Jeneral.
- Responsab Trezò.
- Pòt Pawòl.
- Konseye Jeneral.

Atik 5- Kategori Manb Fondatè.

Kategori Manb Fondatè (Board) la ki nan **Ekonomi Solidarite HOTSPOT ONE (ESHO)** genyen Dwa Veto. **Manb Fondatè** sa yo ap genyen pou diskite ak pran desizyon nan reyinyon **Komite Jesyon Ekonomi Solidarite (KOJESO)** ap genyen pou planifye. Sepandan, **Manb Fondatè** sa yo kapab kase tout desisyon ki pa cadre ak **objektif, Vizyon, Misyon Ekonomi Solidarite** an. Epi **Manb Fondatè** sa yo tou kapab mande ak **KOJESO** bon jan eksplikasyon sou fonksyonnan **Ekonomi Solidarite** an.

Atik 6- Atribisyon Manb Komite.

Manb **Komite Jesyon Ekonomi Solidarite (KOJESO)** genyen pou atribisyon:

- Planifye kalandriye kotizasyon ak kalandriye pèman pandan peryòd yo
- Elabore bidjè mansyèl ak anyèl **Estrikti** a pa mwayen kotizasyon manb yo.
- Distribiye montan kotizasyon chak fwa yon manb rive nan dat li a.
- Distribiye kalandriye kotizasyon ak kalandriye pèman avèk tout manb yo
- Retire penalite lè genyen reta ak dedwi taks pou ranfòsman enstitisyonèl.
- Planifye ak pwogramme gwo desizyon estratejik **Estrikti** a.
- veye sou bon fonksyonnan **Estrikti** a pa rapò ak **Estatistiques** a epi **Règleman Entèn** yo.
- Resevwa dosye kandida ak evalyasyon yo pou entegre nan **Estrikti** a.
- Resevwa kont randi, sigjesyon ak rekòmandasyon manb **Estrikti** a.
- Nome manb nan **Komisyon** si sa nesesè ak lòt manb nan **Estrikti** a lè genyen pòs ki vid.
- Aplike disiplin ak sanksyon sou tout manb ki fotif nan **Estrikti** a.
- Amande **Règleman Entèn** **Estrikti** a sou demand majorite manb yo.

Atik 7- Fonksyon Manb Komite.

A-Prezidan.

- Konvoke reyinyon pou planifye aktivite anyèl ak bidjè **Estrikti** a.
- Anime reyinyon **KOJESO** ak delibere sou desizyon **Komite** a ap pran.
- Otorize depans sou lajan manb **Estrikti** a.
- Otorize entegrasyon nouvo manb nan **Estrikti** a.
- Siyen pwersè vèbal reyinyon ak tout dosye administrasyon **KOJESO**.

B- Sekretè Jeneral.

- Asiste **Prezidan** an nan reyinyon li yo kòm manb ki ap distribiye la pawòl.
- Redije pwersè vèbal reyinyon **Ödinè oubyen Ekstrawodinè** yo.
- Resevwa dosye nouvo manb ak kominike yo bay **Prezidan** an.
- Fè mesaj rapèl pou tout manb yo epi sou dwa kotizasyon yo.
- Konsève tout achiv **KOJESO** a genyen.
- Siyen avèk **Prezidan** an pwersè vèbal reyinyon **Ödinè oubyen Ekstrawodinè** yo ak tout dosye administratif **KOJESO**.

C- Responsab Trezò.

- Prepare bidjè depans mansyèl oubyen anyèl **Estrikti** a.
- Prepare kalandriye kotizasyon avèk kalandriye pèman manb **Estrikti** a.
- Resevwa montan kotizasyon don manb **Estrikti** a.
- Dedwi taks obligatwa ak penalite sou reta pèman kotizasyon manb **Estrikti** a.
- Prezante rapò kotizasyon mansyèl manb yo ak rapò depans anyèl **Estrikti** a.
- Siyen avèk **Prezidan** an rapò depans mansyèl ak anyèl **Estrikti** a.

D- Pòt Pawòl.

- Reprezante **Prezidan** an ak **Sekretè Jeneral** la pou pote mesaj nan bouch oubyen ekri.
- Asiste **Sekretè Jeneral** la nan divès fòm komunikasyon li yo.
- Pran la pawòl piblik nan non **KOJESO**.
- Dirije la pawòl tankou mèt seremoni lè genyen reyinyon anyèl **Estrikti** a.

E- Konseye Jeneral

- Bay konsèy sou tout desizyon **KOJESO** ap pran nan non **Estrikti** a.
- Veye sou bon jesyon **KOJESO** epi fè rekòmandasyon sou fay li wè ki genyen.
- Jwe wòl abit lè genyen bouch louvri nan mitan manb **KOJESO** yo ak rès manb **Estrikti** a.

Atik 8- Dwa Prezidan An Nan Konvokasyon Ak Moderasyon Revinyon.

8.1- Kèlkeswa reyinyon ki ap fèt swa **Òdinè** oubyen **Ekstrawòdinè**, epi sou kèlkeswa fòm li ap fèt la tankou fizikman, apèl konferans ak apèl videyo, se **Prezidan** an ki ap genyen dwa pou li fè konvokasyon ak **Komite Jesyon Ekonomi Solidarite (KOJESO)** epi ak **Ekonomi Solidarite HOTSPOT ONE (ESHO)** ak tout lòt **Estrikti** yo. Kidonk se **Prezidan** ankò ki ap genyen dwa pou li fè moderasyon reyinyon an.

8.2- Sepandan, nan ka **Prezidan** an ta genyen yon anpechman, se **Konseye Jeneral** la ki ap genyen dwa pou li jwe wòl **Prezidan** an genyen nan konvokasyon ak moderasyon reyinyon.

8.3- Konsa tou, kit se **Prezidan** an kit se **Konseye Jeneral** la ki te fè konvokasyon an, youn nan yo kapab mande nenpòt **Manb** pou jwe wòl moderatè nan reyinyon an pou pèmèt patisipasyon anplis chak manb nan jesyon tan rankont yo ak tan lapawòl.

Atik 9- Revinyon Manb Fondatè Ak Desizyon.

Tout **Manb Fondatè Ekonomi Solidarite HOTSPOT ONE (ESHO)** yo dwe prezan nan tout reyinyon ki ap fèt swa **Òdinè** oubyen **Ekstrawòdinè**, epi kèlkeswa fòm li ap fèt la, tankou; fizikman, apèl konferans ak apèl videyo. Si toutfwa ta genyen yon **Manb Fondatè** ki pap ka prezan nan yon reyinyon, **Manb Fondatè** a dwe fè **Prezidan** an konnen sa davans. Nan ka kontrè, **Manb Fondatè** ki prezan yo ap pran tout desizyon pou avansman **Estrikti** a.

Atik 10- Respè Règleman Entèn Nan Desizyon Manb Fondatè.

Kèlkeswa desizyon majorite **Manb Fondatè Ekonomi Solidarite HOTSPOT ONE (ESHO)** ap pran, fòk desizyon sa a pa vyole youn nan atik ki nan **Règleman Entèn Estrikti** a. Si desizyon an ta rive vyole **Prensip Fondamantal Règleman Entèn** yo, desizyon sa a, menm si se majorite **Manb Fondatè** yo ki pran li ebyen desizyon sa a pap valab.

Atik 11 - Delè Pou Konvokasyon Manb Fondatè.

Tout konvokasyon pou reyinyon **Komite Jesyon Ekonomi Solidarite (KOJESO)** ap fè ak **Ekonomi Solidarite HOTSPOT ONE (ESHO)** epi ak lòt Estrikti yo dwe **Vennkat (24) èd Tan** alavans. Sepandan, si ta genyen yon ijans nan **Estrikti** a, nan ka sa a, **Prezidan** an ap genyen dwa pou li konvoke tout **Manb Fondatè** yo san li pa teni kont ni jou ak lè li ye a.

Atik 12- Desizyon Pou Yon Manb Fondatè Ki Abandone.

Si nan yon reyinyon **Manb Fondatè Ekonomi Solidarite HOTSPOT ONE (ESHO)** ta genyen pou yo pran yon desizyon pou bon mach **Estrikti** a, ta genyen yon **Manb Fondatè** oubyen plizyè **Manb Fondatè** ki ta deside kite reyinyon an pou kèlkeswa rezon an, san reyinyon an poko fini, lè sa a, lòt **Manb Fondatè** ki rete yo ap genyen dwa pou yo pran kèlkeswa desizyon an menm si yo pa majorite depi se pou bon mach **Ekonomi Solidarite** epi depi li kadre ak **Estate Estrikti** a.

Atik 13- Respè Pou Desizyon Majorite Manb Fondatè.

Tout **Manb Fondatè** dwe respekte desizyon majorite **Manb Fondatè** yo pran depi desizyon sa pa kontrè ak filozofi, misyon epi vizyon **Ekonomi Solidarite HOTSPOT ONE (ESHO)** ap defann.

Atik 14- Kowòm Pou Manb Fondatè Pran Desizyon.

Tout gwo desizyon **Manb Fondatè Ekonomi Solidarite HOTSPOT ONE (ESHO)** ap genyen pou yo pran pou bon mach **Estrikti** a, **Manb Fondatè** yo dwe pran li nan yon reyinyon epi reyinyon sa a dwe genyen majorite **Manb Fondatè** ladann. Nan ka pa ta genyen majorite **Manb Fondatè** ki preznan nan reyinyon an, Lè sa a, lòt **Manb Fondatè** yo ki preznan pap kapab pran okenn gwo desizyon.

Atik 15- Obligasyon Respè Youn Pou Lòt.

Respè youn pou lòt se yon obligasyon nan mitan tout **Manb Fondatè** yo, menm jan sa ekri nan atik yo ki nan **Estate Ekonomi Solidarite HOTSPOT ONE (ESHO)**.

Atik 16- Frekans Reyinyon ak Sanksyon.

Kategori Manb Fondatè (Board) Ekonomi Solidarite HOTSPOT ONE (ESHO) dwe reyini chak **Youn (1) Mwa** nan dènye vandredi mwa a pou diskite sou pwogrè ki fèt ak pèspektiv yo konvokasyon sa ap fèt ak tout **Manb Fondatè** yo sou platfòm vityèl yo pa yon mesaj oubyen yon nòt ki pote siyati **Sekretè Jeneral Komite Jesyon Ekonomi Solidarite (KOJESO)** Estrikti a sou jou ak lè reyinyon sa ap fèt dire reyinyon sa a pa dwe depase **De (2) èd Tan**.

Atik 17- Don Manb Fondatè.

Kèlkeswa **Manb Fondatè** a kapab fè **Don** avèk **Ekonomi Solidarite HOTSPOT ONE (ESHO)** sou kèlkeswa fòm nan tankou an espès epi an nati.

Atik 18- Sanksyon Pou Manb Fondatè ki Abandone.

Kèlkeswa **Manb Fondatè** ki nan **Ekonomi Solidarite HOTSPOT ONE (ESHO)**, pa genyen dwa pase **Douz (12) Mwa** san **Manb Fondatè** a pa patisite nan reyinyon ak aktivite yo pou kèlkeswa rezon an, Sinon, **Manb Fondatè** a ap vini yon **Manb Inaktif**. Kidonk **Manb Fondatè** a dwe remèt tout sa ki nan men li si li genyen epi facilite tout chanjman yo pou avansman **Estrikti** a.

Atik 19- Radyasyon San Reklamasyon.

Kèlkeswa **Manb Fondatè** a ki ta soti nan **Ekonomi Solidarite HOTSPOT ONE (ESHO)**, pou kèlkeswa rezon an **Manb Fondatè** a pap kapab fè okenn reklamasyon sou kèlkeswa fòm **Don** an te fèt la. Epi pa blyiye, tout sa yon **Manb Fondatè** bay nan **Estrikti** a sou kèlkeswa fòm li ye a se **Don** li ye, kidonk okenn **Manb Fondatè** pa genyen dwa: **Vann Li, Fè Kado Li, Prete Li, Twoke Li, Pran Li, Kraze Li, Boule Li, Ni Mete Li Nan Plàn/Brikabrak Elatriye.**

Atik 20- Pwosedi Pou Yon Manb Fondatè Demisyone.

Si yon **Manb Fondatè**, ta deside demsiyone nan **Estrikti** a, pou pwòp rezon pa li epi san okenn lòt **Manb Fondatè** pa ni fòse li ni mande li demsiyone, **Manb Fondatè** a genyen yon fason pou li fè sa.

- Tou dabò, **Manb Fondatè** a dwe konsilte **Papa Lide** a ki te pèmèt entegrasyon li nan **Estrikti** a pou diskite avèk li sou sa.
- Aprè sa, **Manb Fondatè** a ap genyen pou li konsilte tout lòt **Manb Fondatè Estrikti** a, pou diskite sou motif ak kontrent li genyen ki fè li oblige demisyone.
- Se aprè li fini konsilte ak diskite ak tout **Manb Fondatè** yo, ebyen lè sa **Manb Fondatè** ki vle demisyone a ap genyen posiblite pou ekri lèt demisyon li a ki ap adrese ak **KOJESO**.
- Pwosedi sa valab pou tout **Manb Fondatè** nan **Estrikti** a ki ap demsiyone.
- Pou **Manb Fondatè** ki te nan **KOJESO**, fòk li remèt tout dosye, **Materyèl** ak **Ekipman Estrikti** an ki te nan men li yo epi bay yon ti tan pou pèmèt lòt **Manb** ki ap ranplase manb la genyen konesans sou dosye li te trete yo epi genyen achiv sa yo pou travay la kapab kontinye.

Atik 21- Byen Materyèl Ak Imateryèl.

Tout byen **Materyèl** ak **Imateryèl** dwe disponib pou tout **Manb Fondatè Ekonomi Solidarite HOTSPOT ONE (ESHO)** nan kad travay yo. Sepandan, tout byen **Materyèl** ak **Imateryèl** **Estrikti** a pa dwe itilize pou afè pèsònèl kèlkeswa **Manb Fondatè** li ye a.

Atik 22- Konfidansyalite Nan Pataj Enfòmasyon.

Si ta genyen yon **Manb Fondatè** pou yon rezon oubyen pou yon lòt ki ta deside pataje enfòmasyon pèsònèl **Ekonomi Solidarite HOTSPOT ONE (ESHO)** ak yon lòt manb oubyen plizyè lòt manb ki pa genyen otorizasyon pou sa, epi ki pa fè pati nonplis **Estrikti** a, **Manb Fondatè** sa a pap janm genyen aksè ak enfòmasyon pèsònèl **Estriti** a ankò.

Atik 23- Montan Fon Disponib.

Kèlkeswa **Manb Fondatè** ki ap rantre nan **Estrikti** a, li dwe bay yon montan **\$2000.00 us** kòm yon **Fon Disponib**. Sepandan, montan sa a se pa yon **Fon Pèdi** li ye. **Manb Fondatè** a ap genyen aksè ak montan sa a si sèlman **Manb Fondatè** a ap pran yon poz pou yon ti tan oubyen **Manb Fondatè** a ap soti nan **Estrikti** a. Men, fòk **Manb Fondatè** a pa genyen dèt pou **Administrasyon**, epi fòk **Administrasyon** an tou pa genyen dèt pou manb li yo, Si menm **Manb Fondatè** a ap retounen nan **Estrikti** a yon lòtfwa ankò, **Manb Fondatè** a dwe bay menm montan sa yo ankò.

Atik 24- Montan 10% Taks.

Chak peryòd nan **Ekonomi Solidarite HOTSPOT ONE (ESHO) Administrasyon** an ap retire **10% Taks** nan benefis **Manb Fondatè** yo ki nan **Estrikti** a, kòm yon taks senbolik pou ranfòsman epi avansman **Estrikti** a.

Atik 25- Fon Disponib 10% Taks.

Fon disponib **10% taks** la pa pou okenn **Manb Fondatè** a tit pèsònèl, lè **Administrasyon** mete yo ansanm yo tout tounen **Fon Disponib Estrikti** a ki ap aji anba chapo yon **Pèsòn** moral.

Atik 26 Repatisyon Depans.

Tout depans ki prevwa fèt pou bon mach **Ekonomi Solidarite HOTSPOT ONE (ESHO)** dwe fèt **Egal Ego**, sa vle di li se yon obligasyon pou tout **Manb Fondatè** yo kotize nan **Estrikti** a.

Atik 27- Kotizasyon Manb Fondatè.

Tout kotizasyon **Manb Fondatè** yo se pou reyalize yon pwojè kèlkong swa a kou tèm, mwayen tèm epi ak lon tèm pou avansman **Ekonomi Solidarite HOTSPOT ONE (ESHO)**. Okenn **Manb Fondatè** pa genyen dwa pou prete li epi ni reprann li aprè kotizasyon **Manb Fondatè** a sou kèlkeswa fòm nan.

Atik 28- Amandman Règleman Entèn Manb Fondatè.

Règleman Entèn Manb Fondatè Ekonomi Solidarite HOTSPOT ONE (ESHO), kapab modifye chak **Youn (1) Lanne** si sa nesesè, men fòk majorite **Manb Fondatè** yo aksepte pou sa posib. Sepandan li ap kapab modifye tou nenpòt moman nan peryòd sa, men fòk tout **Manb Fondatè** yo aksepte pou sa posib.

Atik 29- Respè Règleman Entèn Manb Fondatè.

Tout **Manb Fondatè Ekonomi Solidarite HOTSPOT ONE (ESHO)**, genyen pou obligasyon pou yo aplike, respekte epi fè aplike, respekte **Règleman Entèn Manb Fondatè** a.

Atik 30- Delè Pou Siyati Règleman Entèn ak Sanksyon.

Aprè siyati **Règleman Entèn Manb Fondatè Ekonomi Solidarite HOTSPOT ONE (ESHO)**, Tout **Manb Fondatè** yo dwe respekte epi fè respekte akò yo fini siyen an, Sinon, **Manb Fondatè** a ap genyen yon delè **Twa (3) Jou** fran pou li deside. Si delè sa a pase, **Manb Fondatè** a pap kapab fè pati **Kategori Manb Fondatè Estikti** a ankò.

Mwen menm _____ **Mwen li, Mwen** komprann,
Mwen aksepte epi **Mwen** siyen paske mwen dakò ak tout atik san manke yon yota ki nan **Règleman Entèn Manb Fondatè Ekonomi Solidarite HOTSPOT ONE (ESHO)** pou mete yo an aplikasyon epi koube **Mwen** anba sanksyon yo chak fwa **Mwen** vyole youn ladan yo.

Fèt Nan Dat 06 Desanm 2022

Dat _____ / _____ / _____

Siyati Manb Fondatè ESHO